# ГЬУДУЛЛЪИ

ДРУЖБА

№ 20 (10093) БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА 6 Март 2020г/Рузман


## *Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо!*

*ГІодов къулун къочула*
*руччабазул квераздa...*

*Р. ХІамзатов*




## Районалъул бетІер М.М.ПатхІулаевасул барки!

-Нижер хириял ва хІурматиял руччаби, тІаде щолеб бугеб 8 мартги баркулаго бокьун буго нужее тІоцебесеб иргаялда гьаризе сахлъиги, рохелги, икъбалги. Жакъа гьанир ракІарун руго лъикІаздаса лъикІазул цоял. Лъала. Нилъер районалда гІемерал руго мустахІикъал руччаби. Гьединлъидалин нижеда санайил гьанир рихьулелги ругел батІи-батІиял гьурмал.

Поэтазги писателазги художниказги жидерго асаразулъ кІудияб бакІ кьуна чІужугІаданалъул тІадегІанлъи загьир гьабиялъе. Хасго магІарул чІужугІаданалъул сабру мисаллъун букІана щибаб заманаялъ. Гьваридаб лъалкІ тана руччабаца КІудияб ВатІанияб рагъда Бергьенлъи гІагар гьабиялъулъги: партизаназда гьорлъги, тылаздаги, цІа боркьарал рагъазульги, букІинчІо гьел камураб бакІ. Жакъа къоялда гьез ккун буго пачалихъалъул тІадегІанал хъулухъалги, гІицІго районалда гуребги. Биччанте нужер бадиб роххалил гурони магІу бетунгутІизе.

## Баркиялъулал каламалгун цере рахъана

-ХІурматиял руччаби, ихтияр кье дие жакъа нужеда баркизе гьаб ихдалил гьайбатаб байрам. РакІ-ракІалъ гьарула нужее талихІ, роххел, икъбал хІалтІульги гІумрудульги.

**Районалъул прокурор Ж. ЖабрагІилов.**

-Хириял улбул, яцал, районалъул руччаби абула алжаналде лъугьунеб кІиго нуцІа эбелги эменги ругилан. Дицани абилаан эбел, гьеб нуцІа гьечІин каву бугилан.

Гьеб каву къалеб къо нилъеде тІаде бачІунгеги, бачІаразеги иманги сабруги кьеги. Нужер бадиса гьимиги рекІелъа роххелги камураб къо бачІугеги.

**Контрольно-счетныяб палатаялъул председатель МР «Ботлихский район» Р.Мусалаев.**

-ХІурматиял руччаби, кІудияб чІухІилъун ккола дие жакъа нужеда цеве вахъун чІужугІаданалдехун бугеб гІорхъи гьечІеб адаб загьир гьабизе щвей.

ЧІужугІадан абурабго нижеда цере рачІуна улбул, яцал, ясал, лъудби. ГІемерал кучІдулги, асаралги хъвана поэтаз нужер хІакъалъулъ. Нижеца ракІ-ракІалъ абулеб буго нужедасан чІухІизе хъван батаги ниж. ЦІуне нужго!

**МФЦялъул директор К.Ордашев**

-Хириял пишацоял, улбул, руччаби. БитІараб бицани ракІ бахиллъула «Баркала, эбел!» абун къвал базе эбел чІаго йигел дирго гІелцояздаги цодагьал дихъан кІудияздаги.

ГІададаго батиларо руччабазул къо ихдалил къоялде ккараб. Гьелъул хинлъи нужер ракІазульги гьелчон чвахаги. Лъималаздасан роххаги Аллагьас нуж.

**РУНОялъул нухмалъулев ХІажигІиса ИзмагІилов.**

# Нижер баркиял...



*Жалгоги рихьуларел, хIалхьиги букIунарел хIалтIиги лъугIуларел, лъугьаралъухъ баркала кириги щоларел Клара Цеткиница ургъараб, Роза Люксембургица рахъ ккураб, кинаб-го гIайибги, гъвелги жидедаго тIаде босун, тIокIкIинабун казият хIадурулел редакциялъул ясаздаги баркула Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо –микьабилеб март.*



*Росдалгун районалъул руччабазда 8 март баркулеб буго Гъодобери росдал администрациялъул бетIер ГIубайдула МухIамаевас*

*Ищибда илабехъила, яцибедахъила ва идабудала гьанилъида яши балъехъи гьанилъи кунтIукIвабеди баркя игьатада бикьилъису мартлъи байрам!*



*Дорогие женщины района!
Поздравляю Вас с праздником 8 Марта.
Хочу сказать Вам такие слова:
За деньги можно купить лекарство, но не здоровье, дом но не домашний очаг, развлечения, но не радость, религию, но не спасение.
Дай Аллах вам всё то, что нельзя купить за деньги. Это здоровье, крепкий домашний очаг, радость, спасение.
Уважаемая Ольга Николаевна и Вас от всей души поздравляем с прекрасным весенним праздником. Желаем творческого потенциала, успеха на работе и надежных друзей.*

*Коллектив районной газеты «Дружба».*



*Гьеб байрам кIодо гьабула тIолабго дунялалъ.
Гьелъулъ буго нижер нужеда бугеб рокьи, хинлъи, адаб-хIурмат. ЧIужугIадан жаний гьечIеб рукъ кидаго бецIаб, цIорораб, бакъараб, рекIелгъей гьечIеб, баракат гьечIеб букIуна.
Нижее нуж хирияб руго, гIодоб бетIер къулун гьабула нижеца нужер адаб-хIурмат.
Нижеца нужее гьарула даимаб роххел, сахлъи, кьейги нужее талихI, тIурайги рекIел анищал.*

*ГБУРДялъул бихьиназул коллектив.*



*ХIурматиял маданияталъул хIалтIухъаби, руччаби. Баркула нужеда ТIолгодуньялалъул руччабазул къо. Гьарула нужее, нужер хъизан-лъималазе къуватаб сахлъи. Хъизаналда гьоркьор унтаралгьечIолъи.Гьудул-гьалмагъзабазда гьоркьор хIалихьатал гьечIолъи, нужер хIалтIулъ бергьенлъаби. Нужеца гьабулеб хIалтIи ккола маданият цIуни, нилъерго тарих кIодо гьаби, нилъерго мацI цIуни. Нужеда бараб буго нилъер гIолеб гIелалъе мисал бихьизе гьаби.*

**Цо нижерго мацIалъги абила**

*Буйинхадалъи тIолго ешилуй, илабалъи, яцилуй хади къоро ида сахлъила, гьарзаяб решила.*

*МухIамад ИзмагIилов.*



*Нилъер гIадаталда рекъон руччабазе тIогьол кваcIи кьолеб гIадатги гьечIелъул цо жибго бижунеб тIегь балеб гъветIгIаги чIаян гьари буго дир районалъул бихьиназда марталъ гъутIби тIегьадал рокъор ругел руччабазул тIегьалеб гъотIодаги балагьун рекIелъ хинлъи баккизе.*

*МухIамад Абакаров*



*Гьелдусу баркуня 8 март йошилгелъи Зубу, ГIанди участкаялъан йошилийло.
Ходя гьелий сахлъилъир, рокIвала илъидохьиба тIобангедо мурадал, хъизамачIукку ергьандо.
ХIурматиял руччаби!
Баркула нужеда-8 март, Руччабазул къо!
Гьарула щулияб сахлъи, халатаб гIумру, хъизаналъулаб талихI, рекIел мурадал тIурай ва лъималаздаса роххи.*



*Хириял недегьал ясал, ракI-ракIалдасан баркула нужеда бищунго гвангъараб берцинаб ихдалил тIаде щолеб-байрам-халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо - 8 март.
Гьарула тIоцебесеб иргаялда цадахъ хIалтIулел ясазе ва хадуб гьеб байрам кIодо гьабулелщиназе:
- ТалихIгун рокьи,
- Щибаб рокъоб талихI...
Хириял ясал,
-Берцинал рагIаби, лъикIал макьаби…
Къабул гьаре гьал нижер баркиял
–ГIемераб гьими, тIугьдул ва рокьи!!!*



*ХIурматиял руччаби, баркула нужеда тIаде щвараб тIолго халхъазда гьоркьоссеб байрам, 8 Март.
Гьарула нужее киназего икъбал, рокъоб баракат, черхалъе сахлъи, хIалтIулъ бергьенлъаби ва ракIалда ругел мурадал тIуразе.*

*Баркигун нужер пишацоял, Реабилитационияб централъул х1алт1ухъаби.*

# Нижер баркиял...

*Ясал рокьуларел гIолохъабазе гIумру дунялалда бокьизе гьечIо.*

*Расул ХIамзатов*



**Аварасул пикраби**

***Дидани ккун букIана барки, гьабизе гьадингосеб бигьаяб иш бугилан. Гьале къалам кодоб босидал калам кIалдибго къотIана.***

***Къимат кьезе бокьун букIана руччабазе ,реццизе, берцинаб рагIи абизе, унго букIун бугеб захIматха руччаби, нужедехун калам гьабизе.***

***Киналха реццилел, киналха телел, тартибалда щиялъе, щакдарулеб, хIакълъаниги, кантIулареб рагIи батилеб. Цоясул эбел, цойгидасул яцгун- яс, аскIой йигей йокьулей лъади, лъидаго лъаларей балъгояй дойги.***

***Дунялалда рагъго букIине букIун батиларо руччабаз бетIерлъи гьабулел хIукуматал рукIаралани. Кавказалдаго билълъанхъун араб гIадат букIун буго, яргъид рахъун рагъулел бихьиназде гьоркьобе кIаз рехидал хунжрул лъалинир лъолел.***

***Бицеха дие, бихьинал, руччабахъ гIенеккуларел, гьел рокьуларел, рихарал ругилан гьездасан инкар гьабурал ругелищ нилъеда гьоркьор.***
***Аслияб жо гIорхьи лъай, лъида кин ва сундуяли магIнагун кIалъазе лъай. Ургъун рихьея вацал… (ЛъугIичIел дир гIассиял пикраби).***




**МФЦялъул гIолохъанал васаз баркулеб буго жидерго ясазда.**

ТIогьол квацIаби гIадал МФЦялъул ясал
Районцоязул хIажат ракIбацIцIадго тIубалел
Ихдалил байрам баркун гьара-рахьи гьабила
Гьайбатал мусудузе сахлъи талихI гьарила



Яс Алжанатица жиндирго эбелалда
8 март баркун калима гIуцIун буго
Спорталъулъ цеетIурай, гIакълу жиндир камилай
Эбел жиндир йигилан реццал гьарулей йиго.

8 март гуреб рещтIанщинал къоялцин
Дуе икрам гьабизе дагьал ругин гаргана
Эбел мун гIадай цойги ракьалда гьечIин абун
БачIанщинаб лахIзаталъ бицен дица гьабуна.



Собесалъул хIалтIухъаби, хIеренал ясал, халкъалъе хъулухъ гьабун къоялгун сагIтал унел, изну кье ракI-ракIалъ байрам баркизе. Биччанте рохелалъ ракIал хинлъизе, рокьиялъ гIумру къалъизе. ХIалтIулъ бергьенлъаби нужееги, нужер хIалтIудаса разиял нижееги.

Баркигун собесалъул бихьинал.



*«Меседил кIул» ясли-ахалъул лъикIал ясазде Балъхъадерил салам, сахлъиги гьарун Саламатги хутIун, халатаб гIумру ГIурус мусудазда баркизе байрам*

**Баркигун Чупалаева ПатIимат**

## ТВОРЧЕСКИЙ ДЕСАНТ




ДРялъул Культураялъул Министерствоялъ Халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо 8 марталда хурхун лъазабураб «творческий десант» абураб тадбиразул ахIиялда гьоркь 5марталда Болъихь Культураялъул хIалтIухъабаз сапар бухьана мадугьалихъ бугеб ГIахьвахъ районалде, ГIахьвалал абуни Балъхъадерил руччабазда 8 март баркизе нилъехъеги рачIана.

КIиялго коллективаз руччабазе бихьизабуна концерталъулаб программа: кьурди, кечI-бакъан, баркигун гьара-рахьи.

Гьедин рохалида гIумруги аги нилъер тIолалго руччабазул.

# *КIодоэбелхваяй нижрючаларищ...*



**Хирияй бабу, баркула дуда 8 март. Мун йиго бищунго берцинайги лъикIайги.**



**Дицани дунго униеб бакI «какилан» рокъо тезе метерги гьаниве ине кколев гьечIевани. «Чебурашка» садикалъул хIалтIухъаби баркула нужеда ручча базул къо къоч,къоч,къоч!**



Дицани баркила дирго хIеренай дахIабабадаги, хIеренай бабадаги, ункъачо-бабадаги бачIун щвараб 8 март.



Дунго гьитIинав вугониги кIудиял къецазда гIахьаллъана исана. ТIаде щун батана ихдалил байрам руччабазул къо 8 март. Бокьун буго киназдаго улбузда яцазда баркизе халкъазда гьоркьосеб руччабазул къо.



**Уйила дуе, диени абуни бищунго лъикIайги берцинайги дирго баба йиго. ТIогьол кванцIи гIадинай хIеренай, хIалимай дир Асият баба.**



Гьазул дагIба-рагIи нилъее щай гьайбатал магIарул руччаби, дица нужее тIогьол кванцIи сайгъат гьабила.



Ле!!! андисев, если что дунги вуго анив. Улбулгун яцазул рахIат цIунизе гIураб ракьалда рекъел цIунизе хIарагIадин вахъун чIун.

Ихдалил берцинлъи гьарула нужей.

Недегьал, хириял улбулгун яцал.

Иццазул рацIцIалъи гьарула нужей

ХIеренал хIалимал мугIрузул ясал.



КIудияб ГIанди округалдаса, менталияб арифметикаялъул олимпиадабаздаги гIахьаллъарай дун, кинабаздаги яхъарай дун, дунялалдаго цIвалъун кенчIезесейги дун, «других звезд не признаю». ТIолалго Балъхъадерил руччабазда дицаги баркула, «нилъее руччабазе» щвараб,бихьиназда бащадаб ихтияр.



***Гьалда балагьеле цо, мун Шодродаса сихIир ятани, дунги гIандиса гIакъилин кколев, дицаги баркула ГIанди округалъулго тIолалго руччабазда, гьезие «ихтияр» кьураб руччабазул къо.***



Вай!, улбул, яцал ясалила, мугIрул руччабийила...А я чем не горяночка. Гьм… Поздравляю, себя и любимую мамочку свою,работника редакции газеты «Гъудуллъи».




**ГIудуллъи газета гIуцIарал**

«Болъихъ район» муниципалияб районалъул администрация

**Учредитель**

Администрация МР «Ботлихский район»

**Эл. адрес:** druzhba555@mail.ru **Сайт:** druzhbabotlih.ru

**Редакторасул бакIалда:**
М-Р. ГъазимухIамадов

**Отделалъул редакторал:**
П. Дибирова
ГI. ГъазимухIамадов

**Мухбирзаби:**
ГI.МухIамадова
М. МухIамадова

**Наборщица**
П. Эльдарова

**Дизайнер**
С. Камилова

**Корректор:**
П.МухIамадова

**Фотокорреспондент**
К. Камилов

**Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массо- вых коммуникаций по Республике Дагестан. 3I мая 20I7 года.**
**ПИ № ТУ 05 - 0038I**

**Редакциялъул кидаго гуреб макъалабазул авторазулгун пикраби данде кколел.**

**Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул ва баяназул жаваб кьола гьезул автораз.**

Индекс: 368971. Адрес: ДР, Болъихъ районалъул Болъихъ росу, Централияб къватI, 5

**Газета биччана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.**

**Адрес: 3670I8, МахIачхъала, Петр-I-ясул къватI, 6I**
**Тираж -550**
**Индекс-5I349**

*Заказ №* _____